

NYS Department of Labor
 (DEPATMAN TRAVAY ETA NOUYÒK)
 PO Box 15130
 Albany, NY 12212-5130

DEMANN POU BAZE KANTITE BENEFIS SOU SEMENN TRAVAY

Pou mande yon kantite benefis ki baze sou semenn travay, ou dwe ranpli fòm sa a epi voye li tounen nan adrès Depatman Travay la ki make pi wo a ansanm ak yon kopi prèv sou travay ou ak lajan ou touche pou chak semenn travay pou peryòd debaz ki make pi ba la a. Pa voye dokiman orijinal pewòl kòm prèv paske yo pa ka voye yo tounen ba ou. Nou pa ka travay sou Demann ou fè pou baze kantite benefis la sou semenn ou fè ap travay yo toutotan nou poko fin revize tout Demann pou rekonsiderasyon yo epi toutotan nou poko fin fè kalkil peryòd debaz ou a nèt. Nou va fè w konnen ki desizyon nou pran sou demann ou fè a anvan twa semenn pase sou dat nou te resevwa demann ou a.

Ranpli devan fòm sa a si w te travay pou yon sèl konpayi oswa si w te travay pou de (2) konpayi oswa plis youn apre lòt. Si w te travay pou 2 konpayi oswa plis nan menm semenn nan (yo), ranpli fèy kalkil ki do fòm sa a anvan epi transfere enfòmasyon ki nesèsè a devan fòm nan. Si w gen 7 konpayi oswa plis nan menm peryòd debaz la, make enfòmasyon an sou yon lòt fèy papye epi tache li ak fòm sa a.

PERYÒD DEBAZ _____ POU RIVE _____
 (Make dat sa yo ki nan LO 403 yo te ba w anvan sa a, Detèminasyon sou kantite lajan benefis la)

A. Non ak adrès konpayi kote w te travay yo	B. Kantite tan peryòd peman an dire: pa egzansp, pa semenn, chak de (2) semenn, eksestera.	C. Kantite semenn antou ki peye pandan yon peryòd debaz	D. Kantite salè antou ki peye pandan yon peryòd debaz
1.			\$
2.			\$
3.			\$
4.			\$
5.			\$
6.			\$
7.			\$
E. FÈ TOTAL SEMENN & SALÈ ANTOU PANDAN PERYÒD DEBAZ LA			\$
F. FÈ TOTAL SEMENN OU TRAVAY ANTOU NAN FÈY KALKIL YO			

G. Fòmil pou Rekalkile

1. Divize Total salè a pa Total semenn yo (sa ki pi piti nan E oswa F) \$ _____
2. Divize salè mwayèn pa semenn ki sou liy 1 an pa 2 pou rive jwenn kantite yo pwopoze ba w la dapre semenn yo ak salè yo. Kantite a pa ka depase \$405 \$ _____
3. Make kantite benefis ou genyen kounye an depi dènye Detèminasyon ki te fèt sou kantite lajan benefis la. \$ _____
4. Fè soustraksyon liy 3 nan liy 2. Pou w resevwa kantite yo rekalkile ankò a dapre semenn yo ak salè yo, montan sa a dwe \$5 oswa plis. \$ _____

Sètifye: Mwen sètifye tout enfòmasyon ak dosye mwen bay yo se laverite epi yo kòrèk. Mwen konprann yo pral verifiye enfòmasyon sa a epi yo ka pran sanksyon kont mwen si mwen bay fo deklarasyon.

Siyati: _____ Dat: ____ / ____ / ____ Nimewo telefòn _____

EKSPLIKASYON POU: DEMANN POU KANTITE BENEFIS KI BAZE SOU SEMENN TRAVAY

Nou etabli dwa w genyen pou jwenn benefis ak kantite benefis ou ka jwenn pa semenn nan dapre yon fòm ki itilize pi gwo lajan ou touche a pandan yon peryòd twa mwa nan kalandriye fiskal ki nan peryòd debaz ou a. Tou depann de dosye travay ou te konn fè a, ou kapab kalifye pou yon kantite benefis pa semenn ki pi wo epi ki baze sou lamwatye salè mwayèn pa semenn ou. Pou mande yon revizyon sou kantite benefis ou resevwa pa semenn nan, ou dwe gen tout bagay sa yo:

- Demann ou a dwe fèt anvan 10 jou pase sou dènye Detèminasyon ki te fèt sou kantite lajan benefis la.
- Nou fin fè kalkil peryòd debaz ou a.
- Ou dwe gen omwen 20 semenn travay nan peryòd debaz ou a. Yon semenn travay se yon peryòd ki koumanse lendi pou rive dimanch kote yo te peye w pou travay ou te fè pou yon konpayi ki kouvri dapre Lalwa asirans chomaj nan Eta Nouyòk.
- Ou dwe bay prèv **tout** semenn travay ak salè w te fè yo pandan peryòd debaz ou yo. Prèv yo aksepte se souch chèk, anvlop pewòl, oswa chèk ki touche. Prèv ou a dwe gen non konpayi an, peryòd peman an/dat peman an, salè ak non ak/oswa nimewo sekirite sosyal ou. Nan okenn sikonstans, kantite benefis yo kalkile dapre prèv akseptab ou bay yo pa dwe plis pase kantite benefis maksimòm ki ann efè kounye an.
- Kantite benefis ki baze sou lamwatye salè mwayèn ou pa semenn nan dwe omwen **\$5.00** pi plis pase kantite benefis pa semenn yo kalkile dapre fòm pou salè w touche chak twa mwa a, menm jan yo rapòte li nan dènye Detèminasyon sou kantite lajan benefis ou a.

Demann pou Kantite Benefis ki Baze sou Semenn Travay la diferan de yon Demann pou Rekonsiderasyon. Nou pale de Demann pou Rekonsiderasyon an nan seksyon "Kouman yo kalkile kantite benefis mwen an" nan liv enfòmasyon an. Ou pa ka fè yon Demann pou Kantite Benefis ki Baze sou Semenn Travay toutotan ou poko fin detèminen peryòd debaz pou yo itilize a epi toutotan yo poko pran yon detèminasyon sou nenpòt Demann pou Rekonsiderasyon ou te fè.

Nan do paj sa a, gen yon egzanzp yon fòm " Demann pou Kantite Benefis ki Baze sou Semenn Travay " ki ranpli. Nan egzanzp la, yo pretann gen yon reklamasyon benefis ki fèt nan 4^{yèm} peryòd twa mwa nan ane 2000 la epi salè konpayi yo rapòte bay sistèm pou Rapòte Salè nan Eta Nouyòk la nan peryòd debaz inisyalye se 1ye jiyè 1999 pou rive 30 jen 2000.

Konpayi	S A L È				Peryòd debaz
	<u>2/2000</u>	<u>1/2000</u>	<u>4/1999</u>	<u>3/1999</u>	
Good Construction, Inc.	\$5,000	\$6,594	\$7,812	\$1,375	\$20,781
Better Construction, Inc.	640				640
Best Construction, Inc				<u>6,440</u>	<u>6,440</u>
TOTAL	\$5,640	\$6,594	\$7,812	\$7,815	\$27,861

Kantite benefis ki baze sou yon vennsizyèm (1/26) pi gwo salè ki te fèt nan yon peryòd twa mwa se \$300. (Pou moun ki gen salè ki \$3,575 oswa mwens nan kòm pi gwo salè yo te fè nan yon peryòd twa mwa, kantite benefis pa semenn nan baze sou yon vennsenkyèm (1/25).

Kantite benefis ki baze sou enfòmasyon sou travay ak salè pa semenn, menm jan yo demontre ak prèv ki akseptab la, se \$309. (Gade kalkil ki nan paj 2 a nan eksplikasyon yo).

LO 403.51 - HAITIAN-CREOLE (9-00)

REMAK: Si w travay nan yon menm semenn pou plis pase yon konpayi pandan youn oswa plis semenn, ou dwe toutabò ranpli fèy kalkil ki nan do fòm " Demann pou Kantite Benefis ki Baze sou Semenn Travay " la. Nan egzanp ki pi ba la a, total kantite semenn ki nan liy "F" la pi piti pase total tout semenn yo, menm jan li make sou liy E a, moun kap fè aplikasyon pou benefis la te travay nan plizyè konpayi an menm tan pandan peryòd debaz la.

Egzanp - Demann pou Kantite Benefis ki Baze sou Semenn Travay

A. Non ak adrès konpayi yo	B. Kantite tan peryòd peman an dire: pa egzanp, pa semenn, chak de (2) semenn, eksetera.	C. Kantite semenn antou ki peye pandan yon peryòd debaz	D. Kantite salè antou ki peye pandan yon peryòd debaz
1. Good Construction, Inc. Anytown, NY 10101	Chak de (2) semenn	43	\$ 20,781.00
2. Better Construction, Inc. Anytown, NY 10101	chak de (2) semenn	2	\$ 640.00
3. Best Construction, Inc. Anytown, NY 10101	Chak semenn	8	\$ 6,440.00
4.			\$
5.			\$
6.			\$
7.			\$
E. FÈ TOTAL SEMENN & SALÈ ANTOU PANDAN PERYÒD DEBAZ LA		53	\$ 27,861.00
F. FÈ TOTAL SEMENN OU TRAVAY ANTOU NAN FÈY KALKIL YO		45	

G. Fòmil pou Rekalkile

1. Divize Total salè a pa Total semenn yo (sa ki pi piti nan E oswa F). 619.13
2. Divize salè mwayèn pa semenn ki sou liy 1 an pa 2 pou rive jwenn kantite yo pwopoze ba w la dapre semenn yo ak salè yo. Kantite a pa ka depase \$405 309.57
3. Make kantite benefis ou genyen kounye an depi dènye Detèminasyon ki te fèt sou kantite lajan benefis la. 300.00
4. Fè soustraksyon liy 3 nan liy 2. Pou w resevwa kantite yo rekalkile ankò a dapre semenn yo ak salè yo, montan sa a dwe \$5 oswa plis. 9.57

Egzanp

	1	2	3	4	5	6	7	8	9	40	41	42	43	44	45	46	47	48	49	50	51	52
Semenn Konpayi	7/4/99	7/11/99	7/18/99	7/25/99	8/1/99	8/8/99	8/15/99	8/22/99	8/29/00	4/2/00	4/9/00	4/16/00	4/23/00	4/30/00	5/7/00	5/14/00	5/21/00	5/28/00	6/4/00	6/11/00	6/18/00	6/25/00
A				✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓			✓	✓	✓	✓	✓	✓	✓
B																			✓	✓		
C	✓	✓		✓	✓	✓	✓	✓	✓													
D																						

X

X X

Semenn anvan tout dediksyon	53
Semenn ki gen travay nan plizyè konpayi an menm tan	8
Semenn ki rete apre dediksyon	45

**X= Pa gen travay disponib
Semenn 10-39: te travay 26 semenn pou "A"**